



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLASYON POU ABÒDE ASÈLMAN AK DISKRIMINASYON NAN TRAVAY**

*Lejislasyon (S.812B/A.2035B) etabli yon liy telefòn dirèk ki konfidansyèl pou plent sou asèlman seksyèl nan travay*

*Lejislasyon (S.3395B/A.2483B) gen ladan Eta a ak tout anplwayè piblik yo kòm antite ki soumèt anba Lwa sou Dwa Imen an*

*Lejislasyon (S.5870/A.7101) entèdi piblikasyon dosye pèsònèl la kòm aksyon vanjans kont anplwaye yo*

*Konplete ajanda Gouvènè a sou ekite, sa gen ladan kreye yon konsèy sou ekite seksyèl ak pwoteje aksè repwodiktif pou tout moun*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislasyon pou abòde asèlman ak diskriminasyon nan travay. Lejislasyon (S.812B/A.2035B) etabli yon liy telefòn dirèk gratis ki konfidansyèl pou plent sou asèlman seksyèl nan travay. Lejislasyon (S.3395B/A.2483B) gen ladan Eta a ak tout anplwayè piblik yo kòm antite ki soumèt anba dispozisyon Lwa sou Dwa Imen an. Lejislasyon (S.5870/A.7101) entèdi piblikasyon dosye pèsònèl la kòm aksyon vanjans kont anplwaye yo. Lejislasyon an te siyen nan yon selebrasyon Mwa Istwa Fanm avèk defansè pou ekite seksyèl ak dwa fanm yo.

"Apati premye jou a, se te youn nan priyorite prensipal mwen pou netwaye Albany, chanje yon kilti asèlman ak abi, epi asire espas travay ki sekirite ak respekt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout moun gen dwa pou yo jwenn yon espas travay ki pa gen okenn diskriminasyon ak asèlman ilegal, epi mwen p ap janm sispann batay pou ekite seksyèl. Pandan gen plis travay toujou ki pou fèt, mwen fyè de mezi n ap pran yo pou ankouraje sekirite, diyite ak respè pou tout Nouyòkè yo".

Abòde asèlman seksyèl fè pati Ajanda Gouvènè Hochul sou Ekite ki gen ladan kreyasyon yon Konsèy sou Ekite Seksyèl, mezi pou pwoteje aksè nan sèvis sante repwodiktif, sa gen ladan swen pou avòtman ak swen pre-natal ak pòs-natal, plis sipò pou biznis minorite ak fanm posede (Minority and Women-Owned Businesses, MWBE), investisman nan aksè nan gadri ak yon plan pou pote gadri gratis pou chak kanpis

SUNY. Gouvènè a ap mande lejislati a pou adopte yon Amandman sou Egalite Dwa yo nan sesyon sa.

Lejislasyon S.812B/A.2035B pral egzije Depatman sou Dwa Imen an pou etabli yon liy telefòn dirèk gratis ki konfidansyèl pou plent sou asèlman seksyèl nan travay. Anpil viktim asèlman seksyèl nan travay pa kapab egzèse dwa legal yo akòz yo pa konsyan de kisa dwa sa yo ye. Fonksyon liy dirèk la se pral pou konekte moun ki pote plent yo avèk avoka piblik eksperimante yo ki pral ede rann yo konsyan sou dwa legal yo ak konseye yo sou karakteristik ka pèsonalize yo.

Lejislasyon S.3395B/A.2483B klarifye ke Eta a konsidere kòm yon anplwayè nenpòt moun k ap sèvi nan branch egzekitif, jidisyè ak lejislatif - ki gen ladan pèsònèl responsab eli yo oswa jij yo - epi soumèt anba dispozisyon Lwa sou Dwa Imen an. Lejislasyon sa pral klarifye Eta a p ap kapab evite responsabilite pou asèlman anplwaye piblik yo epi asire ke règleman kont asèlman radikal New York la pwoteje anplwaye piblik ak prive yo.

Lejislasyon S.5870/A.7101 etabli ke piblikasyon dosye pèsònèl la pou diskredite viktim diskriminasyon nan travay konte kòm yon aksyon vanjans anba Lwa sou Dwa Imen an. Lwa sou Dwa Imen an entèdi byen klè tout fòm vanjans kont moun ki pote plent yo. Lejislasyon sa klarifye ke piblikasyon yon dosye pèsònèl la konte kòm vanjans sof kote li nesèsè pou konfòme ak yon investigasyon. Pwojè lwa sa bay rekou siplemantè pou viktim vanjans ilegal yo dapre nouvo dispozisyon sa nan pèmèt yo depoze yon plent bay Pwokirè Jeneral la ki ka kòmanse yon pwosè nan Tribinal Siprèm Eta a.

**Senatè Eta Alessandra Biaggi te deklare,** "Aprè evènman ane pase yo, Nouyòkè yo te fè sa trè klè ke yo kanpe avèk sivivan asèlman seksyèl yo epi p ap tolere okenn echèk nan kenbe agresè yo responsab nan travay la. Se devwa lejislati a pou apiye sou elan sa a epi adopte lejislasyon ki pral pwoteje travayè yo atravè tout sektè yo pou kreye yon New York ki san danje ak san asèlman. Kòm sipòtè S.812B, ki etabli yon liy telefòn dirèk gratis ki konfidansyèl pou moun ki pote plent yo sou asèlman seksyèl nan travay, mwen fyè pou m wè yo adopte pwojè lwa sa ki pral ranfòse pwoteksyon kont asèlman seksyèl nan New York. Jodi a, nou asire tout sivivan asèlman seksyèl yo gen opòtinite pou chèche jistis san pwoblèm pandan n ap travay pou konstwi yon New York ki pi sekirite pou tout moun".

**Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare,** "Pandan plizyè deseni, yon kilti anrasine sou abi ak koripsyon te fèmen bouch sivivan asèlman seksyèl ak diskriminasyon yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa yo ak tandè sila yo ki vle pale, epi dèske li asire tout travayè yo an sekirite ak pwoteje nan travay yo. Sa pa t ap posib san defansè fewòs ak sivivan yo ki te kanalize eksperyans yo te viv pou tounen aksyon, epi te batay pou - ak genyen - gwo pwoteksyon pou tout Nouyòkè yo".

**Manm Asanble a Yuh-Line Niou te deklare,** "An 2019, kòlèg mwen yo ak mwen menm te adopte pwoteksyon istorik kont asèlman seksyèl pou tout Nouyòkè yo, sa gen ladan egzije pou tout anplwayè yo gen yon politik sou asèlman seksyèl, fòmasyon

anplwaye ak yon pwosesis plent ak investigasyon ki klè ki pi byen pwoteje Nouyòkè yo kont nenpòt fòm asèlman. Avèk adopsyon pwojè lwa mwen yo, New York fèmen echapatwa ki rann pèsònèl la vilnerab ak asèlman seksyèl epi kreye yon liy dirèk ki bay viktim asèlman seksyèl yo resous enpòtan ak asistans jiridik. Mwen fyè pou m sipòte pwojè lwa sa yo nan Asanble a epi vle remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Gounardes, Senatè Biaggi ak gwoup defans tankou Gwoup Travay sou Asèlman Seksyèl, ki te rann sa posib".

**Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare,** "Okenn Nouyòkè, okenn fanm pa ta dwe janm krenn viktim vanjans akòz yo denonse ke yon moun nan travay la te fè yo mal. Avèk siyati pwojè lwa mwen an jodi a, n ap voye yon gwo mesaj bay viktim ak sivivan yo atravè Eta New York pou di yo pa poukont yo epi n ap tandè yo ak pwoteje yo. Reyalize Mwa Istwa Fanm sa patikilyèman siyifikatif akòz nou konnen ke fanm nwa reprezante yon fason ki pa pwopòsyone pami fanm yo ki depoze plent asèlman seksyèl epi 1 nan 3 fanm ki depoze plent sa yo rapòte tou mezi vanjans kont yo menm. Mwen trè rekonesan pou m te travay avèk Senatè Gounardes sou pwojè lwa sa, ak defansè yo dèske yo ede nou avanse ak li epi ak Gouvènè Hochul pou lidèchip li dèske li siyen pwojè lwa sa a".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418